# 17-ноябрь күни Аўыл хожалық техникаларының агросаноат комплекслери ушын қәнийгелестирилген «Нөкис Агроминитех» көргизбеси болып өтти

Бүгинги күнде исбилерменлик субъектлериниң саны 3560 ды қурайды, бул өз гезегинде исбилерменлик пенен шуғылланыўшы жаслар ҳәм ҳаял-қызлар санының артып баратырғанлығын көрсетеди.  Сондай-ақ елимизде киши бизнес ҳәмде жеке исбилерменликти раўажландырыў жолында басқышпа басқыш реформалар алып барылмақта. Өзбекстан Республикасының барлық аймақларында экономикалық раўажланыўлар болып атырғанлығын да атап өтиў орынлы.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Көргизбеге Өзбекстанның барлық ўәлаятларынан, Қарақалпақстан Республикасының қала ҳәм районларынан исбилерменлик субъектлери өзлериниң асбап-ускенелери менен қатнасты ҳәм басқа санаат тараўында жаңа жумыс баслап атырған исбилерменлер менен шәртнамалар дүзилди.

ҚР Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети